Konsèy pou Preparasyon pou Siklòn

Massachusetts Emergency Management Agency (MEMA) ap raple tout rezidan yo prepare tèt you, fanmi yo, ak lakay yo pou tanpèt twopikal ak siklòn. Sezon siklòn nan se 1e jen pou 30 novanm chak ane.

Mass.gov/mema/hurricanes

Konnen zòn w.

Aprann si w viv nan yon zòn evakyasyon pou siklòn ki kapab inonde pandan yon siklòn epi evakye si yo di w fè sa.

Mass.Gov/KnowYourZone



Fè yon plan.

Fè yon Plan Ijans Familyal sou kisa pou fè ak kijan pou rete an kontak pandan yon tanpèt. Kreye yon plan pou evakye ki genyen ladan li ki kote w prale, ak kisa ou sipoze pòte.

bit.ly/Plan4Family



Bati yon twous.

Mete founiti fanmi w ta bezwen pandan 3 a 5 jou:

- Dlo nan boutèy ak manje ki pa bezwen refrijere
- Flach, yon radyo ak plis pil
- Chajè telefòn
- Twous premye swen ak medikaman, lòt linèt
- Ekipman medikal espesyal si w bezwen sa
- Atik pou swen pèsonèl
- Fotokopi dokiman enpòtan




Sonje byen: twous ou a pa bezwen koute anpil lajan, epi yo ka bati sou yon peryòd de tan.

bit.ly/Your-Kit

Prepare pou blakawout.

Se pou w genyen yon plan ak founiti pou blakawout pwolonje.

bit.ly/Powers-Out



Prepare pou bezwen medikal.

Si ou menm oswa yon fanmi w genyen bezwen, ekipman, oswa trètman mmmmmm espesyal, mete sa yo nan plan w epi pale ak founisè w pou plis konsèy oswa asistans.



Prepare lakay w.

Pran etap pou anpeche dega nan van ak inondasyon. Fè si w genyen detektè lafimen ak monoksid kabòn.


bit.ly/ReadyHome



Prepare pou bèt konpayi ak zannimo sèvis.

Mete manje, founiti, ak lòt atik bèt oswa zannimo sèvis ou bezwen si w oblije evakye.

Rapèl, zannimo sèvis ou toujou gen dwa antre nan abri yo oswa nenpòt lòt kote w ale.



Avan Pandan & Apre

Tanpèt Lan

Rete enfòme.

Siveye mizajou sou tanpèt atravè medya lokal ak mesaj nan men ofisye ijans yo. Enskri pou sistèm 9-1-1 a lanvè lokal ou si kominote w genyen youn.

Epi tou, tcheke pou fè si telefòn w ka resevwa alèt ijans ak sekirite piblik.

Ready.gov/alerts



Se pou w yon bon vwazen.

Tcheke moun nan katye w ki gen dwa bezwen plis èd avan, pandan, ak apre yon tanpèt.



Koute ofisye ijans yo.

Si yo di w evakye, fè sa touswit.

Si w te evakye, retounen lakay w sèlman lè ofisye yo di w li pa danjere pou fè sa. Tcheke ak ofisye lokal oswa rele 2-1-1 pou jwenn lokal abri ak lòt enfòmasyon pou dezas.



Kontwole dega pwopriyete w.

Si lakay oswa pwopriyete w domaje pandan tanpèt la, fè foto oswa videyo pou dokimante dega a, ki kapab ede ak pwosesis asirans ak rekiperasyon an.



Lyen Enpòtan:

Massachusetts Emergency Management Agency

Mass.gov/MEMA

Twitter.com/MassEMA

Facebook.com/MassachusettsEMA

National Weather Service Biwo Boston/Norton

Weather.gov/box

Twitter.com/NWSBoston

Facebook.com/NWSBoston

National Weather Service Biwo Albany, NY

Weather.gov/aly

Twitter.com/NWSAlbany

Facebook.com/NWSAlbany

Massachusetts Emergency Management Agency

Mass.gov/mema/hurricanes